


BAB III MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Patali jeung pamarekan kualitatif katut métodeu déskriptif disusun désain panalungtikan. Désain panalungtikan nyaéta rarancang gawé nu miboga struktur hubungan-hubungan antar variabel sacara kompréhensif sangkan hasilna bisa méré jawaban tina patalékan-patalékan nu aya (Umar, 2008 Kc. 6). Dina ieu panalungtikan aya sawatara léngkah-léngkah pikeun ngarancang jeung ngalaksanakeun panalungtikan anu bisa katitén dina bagan 3.1 di handap ieu.

**Bagan 3.1
Désain Panalungtikan**



1.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina panalungtikan ieu nyaéta data nu mangrupa kalimah anu ngandung wanda omongan jeung harti atawa ma'na polah ucap, kitu deui déiksis nu aya dina polah ucap. Polah ucap nu dimaksud nyaéta polah ucap ékspresif nu dumasar kana wanda omongan (ditingali dumasar sipatna) jeung harti atawa ma'nana, anapon dék sis nu di pedarna nyaéta posisi antésédén anu dituduhkeun ku déiksis éndoforis sarta wanda déiksisna. Sumber data panalungtikan ieu nyaéta rubrik “Barakatak” anu aya dina majalah *Manglé* taun 2017 ti Bulan Januari-Désémber 2017, data basa nu dipilih dumasar édisi dikaluarkeunna majalah *Manglé* dina sabulanna (dicokot hiji majalah per édisi unggal bulanna).

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat pangumpul data dina hiji panalungtikan (Moleong, 2011 kc. 168) sedengkeun nurutkeun Arikunto (2013, Kc.203) instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih lengkep jeung sistematis.

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun alat bantu pangumpul data saperti kartu data. Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data tina sumber data. Eusi dina kartu data ngawengku kode data, kalimah anu kaasup wanda omongan, harti atawa ma'na polah ucap ékspresif, jeung posisi antésédén déiksis éndoforis sarta wanda déiksisna.

Conto kartu data

Nomer Data	: 1
Nomer Urut Data	: (001)
Kalimah	: (001) Cenah "Hayang dibanjur ku kolek ieu mah."
Kodeu Data	: (M/2617/Péb/SP/FP/DÉA/DÉK/2017)
Posisi	: Déiksis Anaforis
Acuan Antésédén	: Kolek

Keterangan:

(M/2617/Péb/SP/FP/DÉA/DÉK/2017)

M : Ngaran Majalah
 2617 : No. Édisi Manglé
 Péb : Bulan Medal
 SP : Sipat Polah Ucap
 FP : Pungsi Polah Ucap
 DÉA : Déiksis Éndoforis Anaforis
 DÉK : Déiksis Éndoforis Kataforis
 2017 : Taun Medal Manglé
 1 : Nomer data
 (001) : Nomer urut data
 Nomer urut data : Nomer urutan dina data
 Kalimah : Kalimah dina rubrik “Barakatak”

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun dua téhnik nyaéta téhnik bébas *libat cakap* (Sudaryanto, 1993 kc. 134) jeung téhnik téks. Téhnik bébas *libat cakap* (Sudaryanto, 1993 kc. 134) nyaéta téhnik ngolah data anu dina prakna panalungtik henteu ilubiung dina prosés komunikasi/gunem) ari téhnik téks nyaéta téhnik cara ngumpulkeun data basa tina sumber tinulis saperti koran, majalah, jeung buku. Dina panalungtikan umum téhnik téks sok disebut ogé téhnik ulikan pustaka (*Studi Pustaka, Studi Bibliografis*). Téhnik téks digunakeun pikeun ngumpulkeun data polah ucap jeung déiksis nu aya dina salasahiji sumber data dina majalah Sunda (dina rubrik “Barakatak” majalah *Manglé*). Di handap ieu léngkah-léngkah ngumpulkeun datana.

- 1) Maca sagemblengna rubrik “Barakatak” dina majalah *Manglé*;
- 2) Nyirian kalimah anu ngandung wanda omongan nu ditinggali dumasar sipat polah ucap (langsung literal, langsung tan literal, teu langsung literal, teu langsung tan literal) jeung néang harti/ ma’na polah ucap éksprésif, posisi

antésédén déiksis éndoforis (anaforis jeung kataforis) katut wanda déiksis éndoforis (déiksis lokatif, persona, témporal, lokatif, wacana);

- 3) Nganomeran data dumasar kalimahna;
- 4) Nyalin data polah ucap éksprésif jeung déiksis anu kapanggih dina rubrik “Barakatak” majalah Manglé jeung;
- 5) Nyusun kartu data sacara alpabétis.

3.5 Analisis Data (Téhnik Ngolah Data)

Data nu geus kakumpul ngaliwatan prosés ngumpulkeun data tuluy langsung dianalis atawa diolah. Téhnik anu dipaké pikeun ngolah data dina panalungtikan ieu nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Téhnik analisis unsur langsung dipaké lantaran sumber datana dina wangun tulisan, udaganana pikeun nganalisis posisi antésédén déiksis éndoforis, wanda omongan (dumasar sipat polah ucap) jeung harti atawa ma’na polah ucap éksprésifna. Aya sawatara léngkah dina nganalisis datana nyaéta:

- 1) Mariksa deui data wanda omongan jeung harti atawa ma’na polah ucap éksprésif katut posisi déiksis jeung wanda déiksisna anu geus kakumpul pikeun nangtukeun bener henteuna.
- 2) Nyieun papasingan data polah ucap dumasar kana (a) wanda omongan (dumasar sipat polah ucap), (b) harti atawa ma’na polah ucap éksprésif, (c) wanda déiksis katut posisi antésédénna.
- 3) Nganalisis data polah ucap dumasar kana (a) wanda omongan (dumasar sipat polah ucap), (b) harti atawa ma’na polah ucap éksprésif, (c) wanda déiksis katut posisi antésédénna.
- 4) Ngadéskripsikeun wanda omongan nu ditinggali dumasar sipat polah ucap (langsung literal, langsung tan literal, teu langsung literal, teu langsung tan literal), harti atawa ma’na polah ucap éksprésif (ngébréhkeun rasa saperti ngahaturkeun nuhun, nyalahkeun, ménta hampura, nyarékan jst....) sarta déiksis (dumasar posisi antésédén jeung wanda deiksis dina polah ucap).
- 5) Napsirkeun data; jeung
- 6) Nyusun kacindekan.